

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Mètode Panalungtikan

Mètode panalungtikan nya éta hiji cara pikeun meunangkeun pangaweruh atawa jalan pikeun ngaréngsékeun pasualan nu disanghareupan, sarta dilakukeun sacara ilmiah tur sisitématis, sarta logis (Arikunto, 1992: 351).

Ieu panalungtikan matok kana Panalungtikan Tindakan kelas (PTK), ku kituna mètode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta mètode panalungtikan tindakan kelas anu ngagunakeun pamarekan kualitatif dina unggal siklus tina aspèk rarancang, palaksanaan, pangamatan/observasi jeung rèflèksi dina unggal siklusna. Hasil panalungtikan ti lapangan di antarana sagala hal nu aya patalina jeung hasil diajar siswa dina unggal siklusna. Tujuan ngagunakeun panalungtikan tindakan kelas nya éta pikeun ngarobah kualitas diajar di kelas, kualitas guruna, sarta kualitas mètode pangajaran tur média anu digunakeun nalika kagiatan diajar sangkan bisa ngaronjatkeun hasil tina pangajaranna.


Panalungtikan tindakan kelas dilaksanakeun lantaran ayana pasualan anu nyampak tur dialaman ku panalungtik nalika kagiatan pangajaran di kelas. Dumasar kana hasil nulis carita pondok di kelas XI Ilmu Sosial 3 dina kagiatan pangajaran anu mimiti, panalungtik meunangkeun sabaraha pasualan anu nyampak nalika lumangsungna prosès pangajaran. Pasualan ieu sarupaning kurang mampuhna siswa kana nulis carita pondok jeung suasana diajarna. Patali jeung pasualan éta

panalungtikan tindakan kelas ieu miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis carita pondok.

Dumasar kana pamadegan Kurt Lewin (dina Sukamto, 2000: 1) panalungtikan ieu dilarapkeun ku sababaraha lèngkah nya èta *studi pendahuluan*, rarancang, palaksanaan jeung rèflèksi.

Lèngkah mimiti panalungtikan nya èta kucara ngaidentifikasikeun masalah anu nyampak dina kagiatan pangajaran boh pasualan anu aya di siswa, guru atawa prosès pangajaranna, tuluy hasil idèntifikasi masalah èta dianalisis. Tina hasil analisis tangtuna bisa ngararancang tindakan pikeun nuntaskeun pasualan anu aya. Rancangan tindakan anu disusun ku guru jeung panalungtik dilaksanakeun dina tindakan siklus. Saberesna tindakan siklus dilaksanakeun, guru jeung panalungtik ngayakeun rèfleksi pikeun nentukeun dasar tindakan perbaikan dina siklus anu satuluyna nepi kakahontalna tujuan panalungtikan. Lèngkah ieu bisa digambarkeun saperti ieu di handap

Gambar 1
Modél Panalungtikan Tindakan
 (Arikunto, et.al, 2006:16)



3.2 Setting Panalungtikan

3.2.1 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilaksanakeun Semester I taun ajaran 2010/2011, bulan November 2010.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya eta siswa kelas XI Ilmu Sosial 3 taun ajaran 2010/2011 jumlahna 33 urang, 18 siswa lalaki jeung 15 siswa awèwè

3.2.3 Tempat Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilaksanakan di SMA Negeri 1 CISOLOK Kabupatèn Sukabumi taun ajaran 2010/2011 dina Kompetensi dasar 11.4.1 *menulis cerita pendek*

3.3 Tèknik Ngumpulkeun Data

Tèknik ngumpulkeun data mangrupa cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Data panalungtikan ieu nya éta kualitatif jeung kuantitatif. Dina panalungtikan tindakan kelas ieu panalungtik ngagunakeun tèknik obsèrvasi jeung tèknik tès.

Tèknik observasi dibagi dua nya éta observasi ka guru jeung observasi ka siswa. Tèknik observasi anu dimaksud mangrupa kagiatan pikeun ngawas, ngontrol tur ngajèn sagala aspèk nalika lumangsungna kagiatan pangajaran tur ngagunakeun *instrumèn pengamatan* guru jeung siswa.

Tèknik tès mangrupa maluruh data tina hasil pangajaran dina unggal siklusna. Tèknik tès bisa mangrupa tulisan atawa lisan. Ngaliwatan tèknik ieu bakal katara sakumaha kamampuh siswa kana matèri pangajaran.

3.4 Instrumèn Panalungtikan

Instrumèn panalungtikan anu digunakeun nya éta mangrupa

1) Lembar Obsèrvasi

Alat obsèrvasi digunakeun pikeun ngajaring data nalika kagiatan diajar. Kagiatan anu dijaring dina lambaran observasi nya éta mangrupa *intèraksi* guru jeung muridna, murid jeung babaturanna tur murid jeung bahan pangajaranna.

2) Catetan Lapangan

Catetan lapangan digunakeun pikeun ngadarkeun sagala hal atawa kajadian anu lumangsung salila panakungtikan.

3) Lembar tès

Lambaran tès digunakeun pikeun meunteun hasil kamampuh nulis carpon siswa. Hasil anu aya tangtu jadi ukuran nepi sakumaha kamampuh siswa dina ngawasaan matèri pangajaran.

3.5 Teknik Ngolah Data

Panalungtik nganalisis data sabada kabéh data kakumpul. Nganalisis data mangrupa usaha milah-milah data jeung misahkeun data pikeun ngajawab masalah-masalah nu dirumuskeun dina ieu panalungtikan. Téhnik analisis data nu digunakeun nya éta analisis data kualitatif ngagunakeun deskripsi, jeung analisis data kuantitatif néangan rata-rata nilai siswa dina tiap siklus, sarta néangan hasil peningkatan diajar siswa.

1) Cara méré skor Tés awal jeung Tés ahir

Cara méré skor tés awal jeung tes ahir dumasar kana hasil karya carpon siswa anu disaluyukeun jeung Kriteria ketuntasan minimal (KKM) palajaran basa Sunda di SMA Negeri 1 Cisolok Kab. Sukabumi nya éta 75. Siswa nu disebut tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun ≥ 75 , sedengkeun anu disebut can tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun kurang ti 75 (< 75).

2) Analisis Peningkatan Pemahaman Siswa

Peningkatan pemahaman siswa bisa dikategorikeun dumasar indeks *gain*. Harga indeks *gain* bisa di tingali dina tabel ieu di handap:

Tabel 3.1
Hubungan Indeks *Gain* Jeung Kategori Peningkatan Pemahaman

Rentang indeks <i>Gain</i>	Kategori
$(G) < 0,30$	Handap
$0,70 > (G) > 0,30$	Sedeng
$(G) > 0,70$	Luhur

(Sumber: Hake, R)

Téhnik analisis data nu dilakukeun pikeun nuduhkeun peningkatan pemahaman siswa ditangtukeun dumasar persentase normalisasi *gain* ngagunakeun rumus:

$$N_{\text{Gain}} = \frac{X_{\text{postes}} - X_{\text{pretés}}}{X_{\text{ideal}} - X_{\text{pretés}}}$$

Dimana:

N_{Gain} : Peningkatan hasil belajar

$X_{\text{postés}}$: Nilai tés ahir

$X_{\text{pretés}}$: Nilai tés awal

X_{ideal} : Nilai ideal

3) Analisis Aktivitas Siswa

Analisis aktivitas siswa bisa dipeunteun ku cara ngaluyukeun jeung KKM anu dikelompokkeun jadi opat kategori, nya èta:

>80	: Kelompok : Pang luhurna	: Tuntas
7.76-7.99	: Kelompok : Luhur	: Tuntas
7.50-7.75	: Kelompok : Cukup	: Tuntas
0.00-7.49	: Kelompok : Handap	: Teu tuntas

3.6 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan kabagi jadi opat tahapan nya èta

1) Nyusun *Rencana Pembelajaran*

Rencana pembelajaran disaluyukeun jeung pembelajaran èlaborasi, *rencana pembelajaran* dina unggal siklus pasti beda lantaran gumantung kana hasil rèflèksi, salian kitu pikeun *rencana pembelajaran* oge digunakeun pikeun ngaèfèktifkeun waktu nalika kagiatan diajar.

2) Palaksanaan Panalungtikan

Palaksanaan panalungtikan ieu ngaliwatan tilu siklus, unggal siklus dibagi opat lèngkah nya èta rarancang kagiatan, palaksanaan pangajaran, observasi, rèflèksi jeung èvaluasi.

3) Observasi

Dina tahap ieu kabagi jadi, nya èta observasi ka guru jeung observasi ka siswa. Nalika panalungtikan aya dua observer tur ngagunakeun lambar observasi pikeun neangan datana. Observasi mangrupa panilaian aktifitas guru jeung panilaian sikep siswa. Data hasil diajar siswa mangrupa data kasuksèsan dina panalungtikan.

4) Analisis jeung Rèflèksi

Panalungtikan ieu ngagunakeun tèknik prosèdur dèskriptif, nya èta ngelompokkeun data hasil observasi tindakan jeung data hasil diajar siswa dina wangun tabèl. Runtuyan analisis data panalungtikan dimimitian ku cara ngaorganisasikeun data, ngamilah-milah, ngelompokeun jeung ngahubungkeun variabelna.

